Bhaibheri reVana

zvipo

Noa uye Mafashama Makuru

Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rinoenzanisirwa na: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Yakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.

Yakashandurwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
Rezinesi: Une mvumo yekukopa kana kupurinda iyi nyaya, chero bedzi usingaitengese.

Noa murume ainamata Mwari.
Vamwe vese vakavenga
nekusateerera Mwari.
Rimwe zuva, Mwari akataura
chimwe chinhu chinotyisa.
"Ndichaparadza nyika
yakaipa iyi,"
Mwari
akaudza
Noa. "Mhuri
yako
chete ndiyo
ichaponeswa."

Mwari akayambira Noa kuti mafashama makuru achauya ndokufukidza nyika. "Vaka areka yematanda, igwa rakakura zvakakwana mhuri yako uye mhuka zhinji," Noa akarairwa. Mwari akapa Noa rairo chaiyo. Noa akabatikana!

Vanhu vangangodaro vakaseka sezvo Noa akatsanangura chikonzero nei aigadzira areka.

Noah akaramba achivaka. Akaramba achiudza vanhu nezvaMwari. Hapana akateerera.



Noa aive nekutenda kukuru. Akatenda Mwari kunyangwe mvura yakanga isina kumbobvira yanaya kare. Pasina chinguva areka yakanga yagadzirira kutakuriswa zvinhu.

Zvino kwakauya mhuka. Mwari akaunza manomwe emamwe marudzi, maviri emamwe. Shiri huru nediki, zvikara zvidiki nekureba zvakaenda kuareka.

Zvichida vanhu vakapopotera Noa apo airemedza mhuka. Havana kumira kutadzira Mwari. Havana kukumbira kupinda muareka.

Pakupedzisira,
mhuka dzose
neshiri
zvakapinda.
"Pinda muareka,"
Mwari akakoka Noa.
"Iwe nemhuri yako."
Noa, mudzimai wake,
vanakomana vake vatatu
nemadzimai avo vakapinda muareka.
Mwari akabva avhara musuwo!



Ipapo mvura yakauya.
Kunaya kukuru kwemvura
kwakanyorovesa nyika mana
neusiku makumi mana.



Mafashama emvura
akafashamira pamusoro
pemataundi nemisha. Mvura payakamira,
kunyangwe makomo aive pasi pemvura.
Chese chinhu chinofema mweya chikafa.



Sezvo mvura yakakwira, areka yakayangarara pamusoro. Kunogona kunge kwaive nerima mukati, pamwe kubhowa, uye pamwe kutotyisa. Asi areka yakachengetedza Noa kubva kumafashamo.

Mushure memwedzi mishanu yemafashama, Mwari akatumira mhepo yekuomesa. Zvishoma nezvishoma, areka yakagara pamusoro pemakomo eArarati. Noa akagara mukati makumi mana mvura ichidzika.



Noa akatumira gunguo nenjiva kubva pahwindo reareka yakavhurika. Nzvimbo yakaoma yakachena yekuzororora, njiva yakadzokera kuna Noa.



Kwapera vhiki, Noah akaedzazve. Njiva yakadzoka neshizha idzva remuorivhi mumuromo mayo. Vhiki rakatevera Noa akaziva kuti pasi pakaoma nekuti njiva haina kudzoka.

Mwari akaudza Noa kuti yaive nguva yekubuda muareka. Pamwe chete, Noa nemhuri yake vakaburutsa mhuka.

Noa anofanira kunge
akafara chaizvo!
Akavaka aritari
uye akanamata
Mwari uyo
akamuponesa
nemhuri yake kubva
kumafashama akaipa.

Mwari akapa
Noa vimbiso
inoshamisa.
Haana kuzotumira
mafashama kuzotonga
zvivi zvevanhu.



Mwari akapa
chiyeuchidzo
chikuru chevimbiso
yake. Muraraungu
waive chiratidzo
chevimbiso
yaMwari.

Noa nemhuri yake vakawana mavambo matsva mushure memafashama. Nekufamba kwenguva, vazukuru vake vakawedzera kuzadza pasi rese. Marudzi ese epasi akabva kuna Noa nevana vake.



Noa uye Mafashama Makuru

Nyaya kubva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Genesi 6-10

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Pisarema 119:130

Magumo

Iyi nyaya yeBhaibheri inotitaurira nezvaMwari wedu anoshamisa uyo akatiita uye uyo anoda kuti iwe umuzive.

Mwari vanoziva kuti takaita zvakaipa, izvo zvavanodaidza kuti zvivi. Kurangwa kwechivi rufu, asi Mwari anokuda zvakanyanya Akatuma Mwanakomana wavo mumwechete, Jesu, kuti afire paMuchinjikwa uye arangwe zvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka kuupenyu akaenda kumusha kuDenga! Kana iwe ukatenda kuna Jesu uye zvivi zvako, Anozviita! Iye achauya agare mauri izvozvi, uye iwe uchagara Naye nekusingaperi.

Kana iwe uchitenda ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Anodiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye mukava murume kufira zvivi zvangu, uye zvino Muri kurarama zvakare. Ndapota pindai muhupenyu hwangu uye mundiregerere zvivi zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva izvozvi, uye rimwe zuva ndiende kuzova nemi nekusingaperi. Ndibatsire kuti ndikuteerere uye ndirarame Iwe seMwana Wako. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye utaure naMwari mazuva ese! Johani 3:16